

## BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

### 3.1 Lokasi jeung Sumber Data

#### 3.1.1 Lokasi Tempat Panalungtikan

Désa Taraju téh tempat anu dipilih ku panalungtik pikeun ngayakeun panalungtikan. Jumlah penduduk Désa Taraju taun 2013 aya 3.957 urang, anu ngawengku lalaki 2.004 urang jeung awéwé 1.953 urang. Jumlah *penduduk* kabagi jadi 1.111 *kepala keluarga*. Désa Taraju aya di wilayah Kacamatan Sindangagung Kabupatén Kuningan. Désa Taraju kaasup daérah Kuningan bagéan wetan. Sacara géografis aya di daérah suku gunung, hawana tiis tur masih kénéh *asri*, sarta dikurilingan ku pasawahan. Luas daérah Désa Taraju kurang leuwih 115.913 ha/m<sup>2</sup>. Wates Désa Taraju nyaéta:

- 1) beulah kulon diwatesan ku Désa Widarasari;
- 2) beulah kalér diwatesanan ku Désa Cimaranten;
- 3) beulah wétan diwatesan ku Désa Pasir Muncang; jeung
- 4) beulah kidul diwatesan ku Désa Dukuhlor.



Gambar 3.1  
Peta Tempat Panalungtikan

Susi Susanti , 2014

*Unsur semiotic dina upacara rewahan di desa taraju kac.sindangagung kab.kuningan pikeun pangajaran maca artikel budaya di sma kelas XII*


Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



### 3.2 Desain Panalungtikan

Desain ieu panalungtikan ngawengku tatahar panalungtikan, ngumpulkeun data, ngolah data, jeung nyusun laporan. Desain panalungtikan di luhur bisa diébréhkeun dina bagan ieu di handap.

Bagan 3.1  
Desain Panalungtikan



### 3.3 Méthode Panalungtikan

Nurutkén Sugiyono (2012, kc. 3), méthode panalungtikan nyaéta cara ilmiah pikeun nyangking data anu miboga tujuan jeung mangpaat nu tangtu. Cara

ilmiah hartina kagiatan panalungtikan kudu dumasar kana cicirén kaélmuan, nyaéta *rasional*, *émpiris*, jeung sistematis. *Rasional* hartina nyaéta kagiatan panalungtikan kudu asup kana akal manusa. *Émpiris* nyaéta cara anu dilaksanakeun ngagunakeun alat *indera* manusa, nepi ka jalma nu séjén bisa mikanyaho cara-cara anu dipaké dina panalungtikan. *Sistematis* nyaéta dina prosés panalungtikan ngagunakeun léngkah-léngkah nu tangtu jeung ngaruntuy (Sugiyono, 2012, kc. 3). Ku kituna, dina panalungtikan diperlukeun métode anu luyu jeung data nu rék ditalungtik, sangkan hasil panalungtikan bisa luyu jeung kaayaan nu aya di lapangan. Dumasar kana tujuan ieu panalungtikan, métode anu dipaké nyaéta métode déskriptif kualitatif.

Kecap déskriptif asalna tina bahasa Inggris *to describe*, nu hartina ngajéntrékeun hiji hal, misalna kaayaan, kondisi, situasi, peristiwa, kagiatan, jrrd (Arikunto, 2010, kc. 3). Ku kituna, panalungtikan deskriptif dipaké pikeun nalungtik kaayaan, kondisi, situasi, peristiwa, jeung kagiatan nu aya di lapangan, anu sipatna anyar sarta luyu jeung data anu aya di lapangan.

Métode kualitatif nyaéta metode panalungtikan anu dumasar kana filsafat *postpositivisme*, dipaké pikeun nalungtik kondisi objek anu alamiah (Sugiyono, 2012, kc. 15). Filsafat *positivisme* disebut salaku paradigma *interpretif* jeung *konstruktif*, anu miboga sawangan yén kaayaan sosial salaku hiji hal anu utuh, *dinamis*, *kompleks*, pinuh ku ma'na, jeung miboga hubungan anu sipatna *interaktif* (Sugiyono, 2012, kc. 14). Métode panalungtikan kualitatif sering disebut métode panalungtikan *naturalistik*, lantaran panalungtikanana dilaksanakeun dina kaayaan *alamiah* (*natural setting*); disebut ogé salaku métode *étnographi*, lantaran ieu métode leuwih loba dipaké pikeun panalungtikan *antropologi budaya*; disebut métode kualitatif, lantaran data anu kakumpul jeung analisisna leuwih miboga sipat kualitatif (Sugiyono, 2012, kc. 14).

Nurutkeun Bodgan jeung Talyor (dina Basrowi & Suwardi, 2008, kc. 21), métode kualitatif salaku prosédur panalungtikan meunangkeun data déskriptif anu mangrupa kecap-kecap sacara tinulis atawa lisan ti jalma-jalma atawa pelaku anu ditalungtik.

Dina ieu panalungtikan, métode panalungtikan déskriptif kualitatif miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun atawa ngajéntrékeun unsur sémiotik dina upacara rewahan nu aya dina waktu lumangsungna upacara rewahan, prak-prakan upacara rewahan, kalengkepan upacara rewahan, jeung kadaharan atawa sasajén upacara rewahan anu miboga harti séwang-séwangan, sangkan kaguar harti jeung tujuan diayakeun upacara rewahan.

### 3.4 Wangenan Operasional

Wangenan operasional nyaéta tarjamahan tina unggal variabel luyu jeung kabutuhan *observasi, keterukuran, manipulasi, kontrol* jeung *pengetesan* unggal variabel (Suyatna, 2002, kc. 9).

Judul ieu panalungtikan nyaéta “Unsur Sémiotik dina Upacara Rewahan di Désa Taraju Kacamatan Sindangagung Kabupatén Kuningan pikeun Pangajaran Maca Artikel Budaya di SMA Kelas XII”. Sangkan leuwih jéntré, ieu judul diwincik saperti ieu di handap.

- 1) Sémiotik nya eta élmu anu maluruh sistem tanda, sagala hal anu aya patalina jeung tanda, napsirkeun tanda-tanda, jeung cara makéna tanda, sarta éta tanda miboga harti. Dina ieu panalungtikan ngagunakeun sémiotik modél Peirce nu ngawengku tilu unsur nu aya dina unsur sémiotik, nyaéta ikon, indéks, jeung simbol. Unsur sémiotik dina upacara rewahan aya dina waktu lumangsungna upacara rewahan, prak-prakan upacara rewahan, kalengkepan upacara rewahan, jeung sasajén upacara rewahan, anu miboga harti séwang-séwangan.
- 2) Upacara rewahan nyaéta upacara adat nu aya di Désa Taraju Kacamatan Sindangagung Kabupatén Kuningan anu mangrupa ritual pikeun miéling poé panday. Lian ti éta, upacara rewahan disebut ogé upacara pikeun miéling ulang taun jeung wapatna Rama Éyang Sunan Manyak. Disebut upacara rewahan lantaran diayakeun dina bulan Rewah, biasana dina tanggal 15 Rewah. Tempat diayakeun upacara rewahan nyaéta di Pasaréan Rama Éyang Sunan Manyak (Wawancara Suhardi, Salasa, 4/06/2013/09.00).

- 3) Pangajaran maca artikel nyaéta karangan anu eusina paktual atawa ngarinci sacara lengkep jeung panjang, sarta dijieun pikeun dipublikasikeun ngaliwatan média (*koran, majalah, buletin, jsb*). Hasil panalungtikan anu dijadikeun pangajaran maca artikel budaya nyaéta ngeunaan “Unsur Sémiotik dina Upacara Rewahan di Désa Taraju Kacamatan Sindangagung Kabupatén Kuningan”.

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat anu dipaké pikeun ngukur *fenomena alam* atawa kajadian sosial anu ditalungtik (Sugiyono, 2012, kc. 148). Pikeun ngahontal tujuan panalungtikan instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan, di antarana *handycam*, kaméra *digital*, jeung pedoman wawancara.

#### 1) *Handycam*

*Handycam* dipaké pikeun ngarékam prosés lumangsungna upacara rewahan ti mimiti nepi ka réngsé upacara rewahan.

#### 2) Kaméra *Digital*

Kaméra *digital* dipaké pikeun ngahasilkeun gambar dina prak-prakan upacara rewahan di Désa Taraju.

#### 3) Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara dipaké pikeun ngawawancara masarakat Taraju nu ilubiung dina upacara rewahan. Pedoman wawancara panalungtikan disusun saperti ieu di handap.

Tabél 3.2  
Pedoman Wawancara

No	Rumusan	Patalékan dina <i>Pernyataan</i>
1)	Sajarah Upacara	1) Ngaran upacara.
		2) Alesan dingaranan Upacara Rewahan.
		3) Sajarah Upacara Rewahan.
		4) Waktu lumangsungna Upacara Rewahan
		5) Alesan diayakeun dina bulan Rewah.

		6) Nu munggaran mimpin Upacara Rewahan.
		7) Mamala upama Upacara Rewahan teu diayakeun.
2.	Prak-prakan Upacara	8) Kagiatan saméméh diayakeun Upacara Rewahan.
		9) Pihak nu ilubiung dina Upacara Rewahan.
		10) Cara milih kuncén dina ieu upacara.
		11) Alesan kudu lalaki nu jadi kuncén.
		12) Jalma nu nyieun sasajén dina ieu upacara.
		13) Prak-prakan Upacara Rewahan.
		14) Ritual anu dilaksanakeun dina Upacara Rewahan.
		15) Mamala upama dina runtuyan acara aya nu kaliwat.
		16) Pakakas nu digunakeun dina Upacara Rewahan.
		17) Pungsi tina pakakas anu dipake dina Upacara Rewahan.
		18) Tempat lumangsungna Upacara Rewahan.
		19) Pantrangan dina Upacara Rewahan.
3.	Simbol Upacara	20) Simbol-simbol dina Upacara Rewahan.
		21) Alesan kudu meuncit embé.
		22) Mamala upama teu meuncit embé.
		23) Simbol husus teu dina Upacara Rewahan.
		24) Harti tina unggal simbol dina Upacara Rewahan.
		25) Bédana simbol dina Upacara Rewahan jeung dina upacara adat nu séjén.

### **3.6 Téhnik Panalungtikan**

#### **3.6.1 Téhnik Ngumpulkeun Data**

Téhnik panalungtikan nyaéta salah sahiji usaha kumaha cara (prosedur) nu kudu dilaksanakeun kalawan ngagunakeun métode nu tangtu, sangkan tujuan sasaran nu dipiharep dina hiji panalungtikan bisa kahontal (Suyatna, 2002, kc. 19).

Luyu jeung pamadegan di luhur, bisa dicindekkeun yén ieu panalungtikan téh ngagunakeun téhnik observasi, téhnik wawancara, jeung téhnik dokuméntasi.

##### **1) Téhnik obsérvasi**

Téhnik obsérvasi nyaéta hiji kagiatan anu dilaksanakeun langsung ka lapangan. Tujuanana pikeun nyangking informasi sacara langsung anu aya di masarakat. Panalungtik milih ieu téhnik lantaran panalungtik sacara langsung turun ka lapangan pikeun néangan data ngaliwatan obsérvasi. Dina ieu panalungtikan panalungtik ilubiung langsung dina lumangsungna upacara rewahan, pikeun nyangking data nu nyata aya di lapangan.

##### **2) Téhnik Wawancara**

Téhnik wawancara nyaéta hiji cara pikeun maluruh data anu dilaksanakeun ngaliwatan komunikasi sacara langsung ka narasumber. Wawancara dilaksanakeun ku cara ngawawancara narasumber anu ilubiung dina kagiatan ieu upacara, di antarana aparat désa, panata calagara upacara rewahan, sawatara warga Désa Taraju.

##### **3) Téhnik Dokuméntasi**

Téhnik dokuméntasi nyaéta cara pikeun nyangking data panalungtikan nu aya dina prosés lumangsungna upacara. Dokuméntasi dilaksanakeun pikeun motoan kagiatan nu aya patalina jeung upacara rewahan.

#### **3.6.2 Téhnik Ngolah Data**

Data nu geus kapanggih diketik, tuluy diolah dumasar kana téhnik-téhnik nu geus dipedar di luhur. Léngkah-léngkahna nyaéta:

- 1) niténan deui data nu geus dikumpulkeun;



- 2) milah-milah data nu nuduhkeun bagian-bagian sajarah upacara rewahan, prak-prakan upacara rewahan, jeung unsur sémiotik dina upacara rewahan.
- 3) ngadéskripsikeun data anu mangrupa sajarah upacara rewahan, prak-prakan upacara rewahan, jeung unsur sémiotik dina upacara rewahan.
- 4) nyieun kacindekan tina data anu dipaluruh.

